दिन–सोमवार दिनांक–18.05.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि अछि जे प्रदेश में औद्योगिक संरचना के विकास भऽ रहल अछि आ आब लोक सभ कें रोजगार कें लेल बाहर जाए के आवश्यकता नहि अछि। पटनाक गांधी मैदान में अग्निशमन वाहन आ एआई आधारित आधुनिक अग्निशमन नियंत्रण कक्षक लोकार्पण आ उद्‌घाटन समारोह कें संबोधित करैत श्री चौधरी कहलनि जे प्रदेश में नव उद्योग सभक लेल वातावरण तैयार भऽ रहल अछि। ओ कहलनि जे राज्य में मूलभूत सुविधाक व्यवस्था सुनिश्चित कएल जयबाक बाद आब उद्योग सभक स्थापना पर विशेष बल देल गेल अछि आ नव–नव औद्योगिक घराना सभ प्रदेश में निवेशक लेल आबि रहल छथि। मुख्यमंत्री बिहारवासी सभ सं प्रदेशक समृद्धिक लेल बिहार वापस घुरबाक अपील सेहो कयलनि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी कहलनि जे सहयोग कार्यक्रम के अंतर्गत भेटल आवेदन सभक तीस दिनक भीतर निष्पादन कएल जायब अनिवार्य अछि। मुख्यमंत्री अधिकारी सभ कें एहि संबंध में सचेत कयलनि। ओ जनौलनि जे निष्पादित काजक रिपोर्ट समय अवधिक भीतर नहि देबय वाला अधिकारी सभक विरूद्ध कार्रवाई कएल जाएत।

---

प्रदेश में आम लोकक समस्या सभक त्वरित आ प्रभावी निवारणक लेल काल्हि सं पंचायत स्तर पर राज्यव्यापी सहयोग शिविरक शुरुआत भऽ रहल अछि। सात निश्चय–तीन के ‘सबका सम्मान, जीवन आसान’ विजन के अंतर्गत एहि पहलक मुख्य उद्देश्य सरकारी सेवा आ प्रशासनिक तंत्र कें सोझे जनताक दुआरि धरि पहुंचाएब अछि। ई शिविर प्रत्येक मासक पहिल आ तेसर मंगल दिन कें राज्यक सभ ग्राम पंचायत में आयोजित कएल जाएत।

---

राज्य सरकार काल्हि सँ आयोजित होबऽवला सहयोग शिविर के लऽकऽ दिसा निर्देश जारी कयलक अछि। मंत्रिमंडल सचिवालय विभागक विशेष सचिव अरविन्द कुमार वर्मा सभ जिलाक प्रभारी मंत्री आ प्रभारी सचिव लोकनि के पत्र लिखि कऽ शिविर के पहिल दिन सहभागिता देबाक अनुरोध कयलनि अछि। प्रभारी मंत्री आ सचिव कम सँ कम तीन प्रखंडक सहयोग शिविर मे उपस्थित रहताह।

———————————————————

आकाशवाणी पटनाक प्रादेशिक समाचार एकांश आई सं भोजपुरी समाचारक प्रसारण शुरू भऽ गेल। भोजपुरी समाचार, आकाशवाणीक पटना केन्द्र सहित राज्यक विभिन्न केन्द्र सभ सं सांझ छओ बजि कऽ पांच मिनट सं प्रसारित कएल जाएत। बुलेटिन के प्रारंभ होयबक अवसर पर वाल्मिकीनगरक सांसद सुनील कुमार मुख्य अतिथिक रूप में उपस्थित छलाह। एकर अतिरिक्त आकाशवाणीक केन्द्राध्यक्ष एच.डी. सीडाम आ उपनिदेशक समाचार अजय कुमार के संग अधिकारी आ कर्मचारी लोकनि सेहो उपस्थिति रहलाह।

———————————————————

राज्यक अधिकतर भाग में भीषण गर्मीक स्थिति बनल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान में जनौलक जे पटना, नालंदा, जहानाबाद, जमुई, मुंगेर, औरंगाबाद सहित राज्यक दक्षिण–पश्चिम, दक्षिण–मध्य आ दक्षिण–पूर्व भाग में अधिकांश स्थान पर मौसम शुष्क रहत। एहि भाग सभ में अधिकतम तापमान में दू सं तीन डिग्री सेल्सियस धरिक वृद्धि दर्ज कएल जा सकैत अछि। ओतहि, पश्चिम चंपारण, पूर्वी चंपारण, गोपालगंज, सुपौल, अररिया सहित राज्यक उत्तर–पश्चिम आ उत्तर–पूर्व भाग में कतेको ठाम आइ बरखाक संभावना अछि।

———————————————————

केन्द्रीय खनन आ कोयला राज्य मंत्री सतीश चन्द्र दूबे आइ नरकटियागंज रेलवे स्टेशन सं दरभंगा जाए वाली मेमू सवारी गाड़ी कें हरियर झंडी देखा कऽ विदा कयलनि। नरकटियागंज–दरभंगा मेमू ट्रेन सेवा शुरू भेला सं चंपारण आ मिथिलांचलक पैघ आबादी कें लाभ भेटत। एहि अवसर पर वाल्मीकिनगरक सांसद सुनील कुमार आ अन्य गणमान्य लोकनि उपस्थित छलाह।

———————————————————

पटना स्थित नियोजन भवन मे काल्हि पूर्वाह्न एगारह बजे सँ रोजगार मेलाक आयोजन कयल जायत। राज्य सरकारक युवा रोजगार आ कौशल विकासक तत्वावधान मे आयोजित मेला मे बारहवी पास अठारह सँ चालीस बरखक अभ्यर्थी भाग लऽ सकैत छथि।

—————————————————————

अररियाक जिलाधिकारी विनोद दूहन समाहरणालय सभागार में संभावित बाढ़ि–पानि आ सुखाड़क स्थिति सं निपटबाक लेल पूर्व तैयारीक समीक्षा कयलनि।

—————————————————————

समाप्त